



South Intensive Transition School

A Green School of Quality - 2016

1300 SW 30th Ave.

Boynton Beach, FL 33426

Phone 561-374-7201, FAX 561-374-7250

Mr. Reginald E. Jeudy, Ed.S., Principal

Mr. Eric Gross, Assistant Principal

Tit 1 Rezime Plan Paran ak Fanmi an

Out 14, 2024

Chè Paran/Gadyen yo:

Angajman fanmi se pi gwi sipò nan pèfòmans yon elèv. Lekòl South Intensive fyè difètke yo fè patnè avèk paran/gadyen timoun ak nan komite nan zafè pran desizyon nan edikasyon elèv yo. Lekòl Tit 1 yo dwe fè pwogram edikasyonèl, aktivite, pwosedi ki byen planifye e ki opere e ke yo fè ankonsiltasyon avèk paran elèv k ap patisipe yo. Men yon rezime pwosedi patisipasyon yo:

- **Patisipasyon paran yo:** Chak ane, yo envite fanmi yo pou yo patisipe nan reyinyon anyèl Tit I nan kòmansman ane lekòl la pou aprann plis sou pwogram Tit I nan tout lekòl nou an ak egzijans Tit I. Reyinyon nou an ap fèt 29 out 2024. Nou ankouraje w anpil pou w patisipe nan reyinyon Konsèy Konsiltatif Lekòl (SAC) chak mwa pandan tout ane eskolè a pou w ka bay opinyon w nan distribye lajan Tit I yo. Reyinyon SAC yo chak mwa ap fèt nan dezyèm Mèkredi chak mwa a 8:15 a.m. nan kafeterya a.
- **Kowòdinasyon ak Entegrasyon:** Nou ankouraje w pou patisipe nan reyinyon ki dekri egzijans Evalyasyon Eta a pou konpetans elèv yo. Y ap bay paran yo estrateji pou ede pitit yo lakay yo. Anplis de sa, y ap ankouraje w patisipe nan yon atelye Alfabetizasyon/Ekriti ansanm ak yon atelye Matematik/Syans, ki fèt pou ba w enfòmasyon sou divès pwogram sou Entènèt atravè lekòl la, distri a ak eta.
- **Reyinyon Anyèl:** Nou ankouraje paran yo pou yo patisipe nan reyinyon anyèl Tit I nou an kote w ap resevwa enfòmasyon enpòtan sou Sèvis Edikasyon Sipleman, Pwogrè Anyèl Adekwa, Dwa Paran yo Konnen ak opòtinite pou patisipasyon fanmi yo. Anplis de sa, paran yo te gen opòtinite pou revize Plan Angajman Paran ak Fanmi ak Kontra Tit I Paran-Lekòl la pou bay repons.
- **Reyinyon pou paran ki fleksib:** Reyinyon paran yo fèt a lè ki fleksib diran tout ane lekòl la pou konvenyans ou. Lòt reyinyon k ap fèt yo tankou SAC, Sware Teknoloji, Sware pou pwogram etid ki ouvèa tout paran yo, avèk konferans kontinyèl ant paran ak elèv yo.
- **Konstwi kapasite:** Pou bati kapasite, South Intensive pral òganize yon Reyinyon Anyèl Title I nan dat 29 out 2024 pou paran, elèv yo ak anplwaye yo. South Intensive pral ofri yon Atelye Alfabetizasyon/Ekriti le 23 oktòb 2024 ak yon Atelye Matematik/Syans le 22 janvyè 2025 kote w ap gen opòtinite pou aprann diferan estrateji ki amelyore konpetans akademik yo.
- **Fòmasyon Anplwaye yo:** Anplwaye yo te patisipe nan yon prezantasyon Tit 1 nan mwa out la kote yo te aprann ke tout moun ki enterè nan zafè edikasyon sipoze travay ansanm pou amelyore pèfòmansetidyan yo. Anplis de sa, tout anplwaye yo te resevwa yon apèsi sou Pwogram Tit 1 an avèk fason yo ka itilize lajan Tit 1 an pou pèfòmans akademik timoun defavorize yo nan komansman reyinyon anplwaye yo.
- **Kominikasyon:** Lekòl South Intensive gen pou l ba w enfòmasyon aktyèl konsènan Pwogram Tit 1 diran tout ane a. Nou gen pou n voye yon bilten ba ou chak trimèski gen pou l montre w sa lekòl ap fè pou selebre siksè etidyan yo tankou anplwaye yo. Sit entènèt lekòl la ofri enfòmasyon andetay sou anplwaye ak fonksyonman lekòl la. Anplis de sa, , sit entènèt Edline nan ba w mwayen pou kominike ak pwofesè a epi kontwòle pèfòmans akademik elèv yo. Konsèy konsiltatif lekòl la ofri yon mwayen pou anplwaye, paran, patnè biznis yo, ak lòt moun ki enteresebay koutmen nan nan amelyorasyon lekòl la.
- **Aksè:** Nou envite w pou vini nan tout reyinyon lekòl ap fètankou SAC, reyinyon Tit 1 yo, ak konferans ant pwofesè ak paran yo. Nou ofri enfòmasyon nan plizyè lang ak entèprèt ki pou ede w nan reyinyon yo. Nou bay akomodasyon a paran say o ki gen andikap. Anplis de sa, nou vizite lakay elèv say o ki absan twòp san pèmisyon. Anmenmtan , nou ankouraje w pou patisipe nan aktivite lekòl la pou benefis pèfòmans akademik elèv y oak konpòtman yo.
- **Lòt aktivite:** Lekòl South Intensive bay klas alfabetizasyon, matematik ak fòmasyon nan syans ki nesèsè pou paran yo. Anplis de sa, nou ap travay men nan men ak diferan òganizasyon nan kominote a , òganizasyon relijiye, pou nou ka bay opòtinite pou patisipasyon paran yo.

Direktè Reginald Jeudy

“Improving for Today ~ Preparing for Tomorrow”